# Zvamunofanira kuziva nezveIncome Support

## Income Support chii?

Chinangwa cheIncome Support ndechekupa rubatsiro kuneavo vanokodzera kupihwa mari nerubatsiro kuti vazvichengete uye vagone kuzvisimudzira kusvika vakugona kuzvichengeta vega pasina rubatsiro.

## Munoziva sei kuti makakodzera?

- Munofanira kunge mavanemakore 16 zvichienda mberi
- Makwanisa makore matatu kuendamberi muchigara uye muinekodzero yekushanda munomuchitsuwa
- Mari irimuhomwe yemhuri yenyu haifaniri kupfuura £17,925

**Uye munofanira kuzadzikisa chimwe pane izvi:**

- Parizvino hamusi kushanda
- Makanyorerwa tsamba yeurwere nachiremba
- Hamukwane paEmployment Scheme
- Munehumbowo hunoratidza kuti murikutsvaga basa

## Ungaise mapepa ekutsvaga Income Support rinhi uye zvinofambiswa sei?

- Mapepa anotambirwa chero zuva pakati pemwedzi
- Batai vashandi vekuIncome Support parunhare kana kuti email kuti musangane navo
- Mushandi wamuchazongana naye achabatsirana nemi kuzadzisa mapepa enyu(munosangana chero kumahofisi /kumba/kuchipatara/kana kuHillside). Izvi zvinopa mushandi uyu mukana wekukutsanagurai uye kuona humbowo hwenyu kuti munozadzisa zvinodiwa here uye munowanawo mukana wekubvunza mibvunzo
- Munofanira kupahumbowo hunoti mapepa ekubhanga anoratidza kuti mari yenyu iriko / tsamba dzebasa dzinoratidza mari yamutambira/ kana kuti zvinoratidza kuti murikutsvaga basa

- Mushandi uyu achakukumbirai kuti mumupe bvumo yekutsvaga humwe humbowo nezvenyu kunemamwe mapato ehurumende yeFIG.

## Munobatsirwa zvakadii?

Rubatsiro rwemari rwunopihwa pasvondo pasvondo. Rwunoenderana nekuwana kweyu kuti kwakakura sei, asi munogona kupihwa kutangira apa:

**Uchigara wega** £127.46

**Baba namai** £185.04

**Mwana wekutanga** £38.04

**Mwana wega wega anotevera wekutanga** £24.67

- Rubatsiro pakubhadara imba zvisinei kuti imbayeFIG kana kumwewo
- Kuchengetwa kwevana ( mapepa anoratidza mari yamunobhadhara vanochengeta vana)
- Mari yekubatsira nezvinodziisa dzimba munguva yechando kuneavo vakwegura vasisashande nevaya vanotambira Attendance Allowance

## Kuripwa

Mari inokandwa kamwe chete pamwedzi muhomwe yenyu yekubhanga remuno kuStandard Chartered.

| | Tibatei apa |
|---|---|
| | Income Support,<br>20 Scoresby Close,<br>Stanley,<br>Falkland Islands, FIQQ 1ZZ |
| | incomesupport@social.kemh.gov.fk |
| | Parunhare: 27296 |

| | |
|---|---|
| | Parunhare: 56001 |